

**Sistèm Jidisyè New Jersey**  
New Jersey Judiciary

**Seksyon Sivil Espesyal  
yon Gid Tribunal**

Special Civil – A Guide to the Court – Haitian Creole

**New Jersey Courts**

[www.njcourts.gov](http://www.njcourts.gov)



**Independence • Integrity  
Fairness • Quality Service**

**Tribinal Siperyè nan New Jersey  
Divizyon Dwa  
Seksyon Sivil Espesyal**

Superior Court of New Jersey  
Law Division  
Special Civil Part

## Antesedan

Seksyon Sivil Espesyal (Special Civil) la se yon tribunal ki gen otorite limite kote ou kapab asiyen yon moun oswa yon biznis (defandè a) pou ou ka kolekte yon kantite lajan ki ka rive jiska \$20,000 si ou kwè yon moun dwe ou kantite lajan sa a. Si reklamasyon ou la se \$5,000 ou mwens ou kapab asiyen nan Seksyon Ti Reklamasyon (Small Claims Section). Depliyan sa a eksplike kijan pou depoze yon plent oswa kijan pou reponn yon plent, epi kijan pou prezante yon apèl, epi tou, li bay enfòmasyon jeneral sou Seksyon Pati Sivil Espesyal la. Se pa bi li pou bay oswa ranphase konsèy legal ni li pa la pou reponn chak kesyon ou genyen konsènan tribunal sa a.

Pou konsèy legal konsènan dwa ou yo, ou dwe kontakte yon avoka. Si ou pa gen yon avoka, ou ka kontakte Sèvis Rekòmandasyon Avoka (Lawyers' Referral Service) nan Asosyasyon Bawo Konte kote ou rete a (County Bar Association). Si ou pa kapab peye yon avoka, ou gen dwa kontakte Pwogram Sèvis Legal (Legal Services Program) nan konte kote ou rete a pou wè si ou kalifye pou sèvis legal gratis yo.

## Seksyon Sivil Espesyal

Seksyon Sivil Espesyal la se youn nan twa seksyon ki genyen nan Seksyon Sivil Espesyal nan Tribunal Siperyè a. De (2) lòt seksyon yo se Pwopriyetè Lokatè (Landlord Tenant) ak Ti Reklamasyon. Gen depliyan apa pou seksyon sa yo. Seksyon Sivil Espesyal la limite pou ka kote reklamasyon rive a \$20,000 oswa mwens. Si ou panse gendwa rekipere plis ke \$20,000, ou dwe prezante ka ou la nan Seksyon Sivil la nan Divizyon Dwa (Law Division) nan Tribunal Siperyè a.

*Si ou panse ou nan dwa w pou resevwa dedomajman ki depase \$20,000, men ou toujou vle asiyen nan Seksyon Sivil Espesyal la, wap renonse a dwa ou genyen pou rekipere dedomajman ki ta depase \$20,000. Ou pap kapab reklame lajan adisyonèl sa a nan yon lòt pwosè separe.*

## Reklamasyon Tipik yon Moun Kapab Prezante

Men yon lis jeneral sou reklamasyon yon moun kapab prezante nan Seksyon Sivil Espesyal:

- Yon moun oswa biznis pa konfòmel ak kontra a lekri a oswa oral la
- Remèt lajan ki te itilize kòm garanti pou yon depo
- Domaj yon aksidan otomobil koze nan yon pwopriyete
- Domaj nan yon pwopriyete oswa pèdi yon pwopriyete
- Plent konsomatè pote pou machandiz ki gen defo ladan yo oswa defo nan fabrikasyon
- Peman pou travay ki te fèt
- Reklamasyon ki baze sou chèk san fon
- Remèt yon lokatè lajan li te depoze kòm garanti
- Delojman ilegal oswa enjis, odònans pou sezi byen imobilye elatriye (Tout zak sa yo mande fòm espesyal ki disponib nan Biwo Grefye a)

## Ki Kote pou Depoze yon Plent

Yon plent fèt pou depoze nan Biwo Grefye Seksyon Pati Sivil Espesyal (Office of the Special Civil Part) la nan konte kote omwen youn nan defandè yo rete oswa nan adrès biznis defandè a. Anreyalite, yo konsidere adrès yon biznis nan nenpòt ki konte kote defandè ap fè biznis oswa nan konte kote biwo ofisyèl biznis la enskri a. Si gen plis pase yon sèl defandè, yo kapab depoze plent lan nan konte kote nenpòt nan defandè yo rete oswa nan konte kote nenpòt nan defandè yo sitiye. Si pa gen okenn defandè ki rete nan New Jersey oswa ki gen yon adrès nan New Jersey, yo dwe depoze plent lan nan konte kote zak la komanse oswa nan konte kote zak la te fèt. Si wap asiyen pou yo remèt ou depo garanti ou te bay sou pwopriyete a, ou kab prezante reklamasyon sa a tou, nan menm kote pwopriyete a sitiye.

## Ki Moun ki Ka Depoze yon Plent

Pou asiyen nan Seksyon Pati Sivil Espesyal la, yon moun dwe gen laj 18 an oswa pi gran. Si moun k ap asiyen an pokò atenn laj 18 an, se yon paran oswa moun ki legalman responsab moun lan ki dwe prezante reklamasyon an. Yon pleyan oswa yon defandè ki se yon kòporasyon, patnerya, konpayi ki gen responsablite limite, elatriye dwe gen yon avoka pou reprezante li lè reklamasyon oswa kontrekare reklamasyon an depase \$5,000. Yon responsab, administratè, direktè, ajan, oswa anplwaye yon konpayi kapab prezante oswa defann yon plent nan valè \$5,000 oswa mwens.

## Kijan pou Depoze yon Plent

W ap jwenn yon pake pou pote plent antan ke moun kap reprezante tèt li san repretansazyon legal ki gen ladann plent la ansanm ak fòm asiyasyon a nan Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze a (Special Civil Part Offices) la ak sou Entènèt la tou nan [njcourts.gov](#).

Ou kapab depoze plent la pa vwa elektwonik atravè Pwogram Jidisye pou Soumèt Dokiman pa vwa Elektwonik la (JEDS) swa pa lapòs oswa men nan lamen. Lè w ap prezante yon plent, oumenm antan ke plenyan a, ou fèt pou:

- Bay non konplè, adrès, ak nimewo telefòn ou.
- Pou garanti moun ou asiyen an resevwa dokiman plent lan, bay non kòrèk (yo) ak adrès (yo) pou moun lan (yo) ou endike kòm defandè (yo) nan plent la. Li enpòtan pou byen idantifye defandè antan ke endividé, yon pwopriyetè esklisif, yon patenarya, oswa yon konpayi.
- Deklare pou ki kantite lajan w ap asiyen an.
- Deklare pou ki rezon defandè a dwe ou lajan an.
- Deklare si kounyeya gen yon lòt ka ki konsène nou toude, oumenm ak lòt pati a (yo) epi, si se konsa, bay non tribunal la.
- Siyen ak date fòm ou te ranpli a.
- Peye Biwo nan Seksyon Pati Sivil Espesyal la frè ki kòrèk la pou depoze plent lan ak pou sèvis yo lè w ap prezante plent lan. Si w ta peye mwens ke sa yo egzije a, yap voye plent

la tounnen ba w.

- Pa founi tribunal la ak nimewo sekirite sosyal, nimewo pèmi kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis asirans, nimewo kont labank ki **aktif**, nimewo kat kredi **aktif**, oswa enfòmasyon sou statis endividé a nan lame. Soumèt enfòmasyon sa a **sèl** si lalwa ta egzijel, tribunal ta odònel, swa se yon règleman oswa direktiv administratif. Pa redije enfòmasyon sa a de dokiman orijinal yo. Soumèt dènye 4 chif enfòmasyon kont labank **aktif** la sèl si li fè pati litij la epi tou sèl si pa gen lòt mwayen pou idantifyel.

Apre w fin depoze plent lan, yo pap pwograme yon dat pou pwosè a sof si defandè a voye yon repons alekri ansanm ak frè ki apwopriye yo bay Biwo Seksyon Pati Sivil Espesyal la nan yon delè 35 jou apati de dat yo te voye plent lan bay defandè a. Si defandè a reponn alekri nan delè 35 jou an, lè sa a y ap pwograme yon dat pou pwosè a. Tribunal la ap voye yon avi bay tout pati yo.

Si yon defandè pa reponn nan delè 35 jou yo, tribunal la ap pwononse yon jijman pa defo. Plenyan a fèt pou aplike pou yo anrejistre yon “jijman pa defo” (“judgment by default”) nan yon delè de 6 mwa apati de dat tribunal la te pwononse jijman pa defo a oswa prezante yon petisyon pou ka jwenn yon jijman pa defo. Atravè yon jijman pa defo, tribunal la deside montan lajan an, si lap akòde yon montan, yo dwe bay pleyan a poutèt defandè a pa t reponn plent lan alè oswa defandè a pat konparèt nan tribunal. Plenyan a fèt pou soumèt yon afidavit ansanm ak lòt dokiman ki verifye montan reklamasyon ou lan epi ki pwouve bay tribunal la ke yon endividé defandè a pa yon manm aktif nan sèvis militè Ozetazini. Prèv pou sèvis militè a pa aplike pou defandè biznismann. Ta kab gen yon odyans nan tribunal la pou pèmèt Plenyan a pwouve reklamasyon an si dokiman yo pa jistifye montan lajan lap reclame a. W ap jwenn yon pake pou moun kap reprezante tèt yo san reprezantasyon legal sou kijan pou aplike pou yon jijman pa defo disponib nan nenpòt ki Biwo Seksyon Pati Sivil Espesyal Noudjèze a epi tou sou Entènèt la nan [njcourts.gov](#).

Si plent la se pou dedomajman lajan akòz yon aksidan otomobil epi jijman an egzije pou yon defandè peye \$500 oswa plis, defandè a fèt pou peye nan yon delè de 60 jou. Si defandè a pa peye nan delè 60 jou sa yo, plenyan a gen dwa fè demann atravè Biwo Pati Sivil Espesyal la pou Komisyon Otomobil New Jersey (New Jersey Motor Vehicle Commission) a estope privilèj defandè a genyen pou kondwi ak pou enskripsyon jiskaske jijman a fin peye.

## Entèprèt oswa Aranjman Espesyal

Sistèm Jidisye ap fè aranjman rezonab pou pèmèt nenpòt moun andikape jwenn aksè ak patisipe nan tout evenman jidisye yo. Tanpri kontakte Kowòdinatè ADA a pou mande yon aranjman espesyal. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

Sistèm Jidisye Nyoudjèze a founi sèvis entèprèt. Si w bezwen entèprèt, notifye tribunal la le pli vit posib. Enfòmasyon sou kontak la disponib nan [njcourts.gov](#).

## Frè pou Depoze yon Plent

Pri li koute pou depoze yon plent nan Seksyon Sivil Espesyal la se:

- \$50 pou yon plent si montan lajan kap reklame a se \$5,000 oswa mwens.
- \$75 pou yon plent si montan lajan kap reklame a ta depase \$5,000.
- \$5 pou chak defandè adisyonèl.
- Frè pou chak defandè ki sèvi pa lèt sètifye oswa lapòs nòmal se \$7. Yap chaje pou yon defandè yon frè \$3, pou livrezon dokiman, plis yon frè \$7 pou livrezon ki fêt pa Fonksyonè Seksyon Sivil Espesyal la. Yap chaje yon defandè si plent la livre men nan lamèn pa Fonksyonè Seksyon Pati Sivil Espesyal la. Frè pou chak defandè adisyonèl ki resevwa livrezon dokiman yo men nan lamèn se \$5 plis \$7 pou frè livrezon.
- Emèt yon chèk nòmal oswa chèk postal peyab sou non *Treasurer, State of New Jersey* (Trezorye, Eta New Jersey).
- Yap egzije w peye yon frè adisyonèl de \$100 pou yon pwosè devan jiri ki konpoze de sis moun.

Si Pleyan a pa gen mwayen pou peye frè pou prezante yon dosye nan tribunal, li gen dwa aplike nan tribunal la pou kalifye antan ke endijan epi jij la ta kab anile frè yo.

## Kijan pou Depoze yon Repons pou yon Plent

Si yo nonmen ou kòm defandè nan yon ka, ou fêt pou depoze yon repons alekri nan biwo Seksyon Sivil Espesyal la nan konte kote plent la depoze nan yon delè de 35 jou apati de dat plent la depoze a. Ou kab depoze repons la pa vwa elektwonik atravè Pwogram pou Soumèt Dokiman pa vwa Elektwonik (JEDS) pa lapòs oswa men nan lamèn. Epitou, ou fêt pou soumèt yon kopi repons la men dan lamèn oswa pa lapòs nòmal ak lèt rekomande ba plenyan a oubyen voyel pa lapòs nòmal ba avoka plenyan a. W ap jwenn yon pake repons pou moun ki reprezante tèt yo san reprezantasyon legal a ansanm ak tout fòm yo ak enstriksyon yo nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal ak sou Entènèt la nan [njcourts.gov](http://njcourts.gov).

Si ou kwè plenyan a dwe w lajan, ou fêt pou ajoute yon reklamasyon a lekri pou kontrekare plent la. Si w panse ke se yon lòt moun ki nonmen nan plent la antan ke defandè ki dwe w lajan a, ou fêt pou ajoute yon reklamasyon kont defandè a nan repons la. Ou fêt pou sèvi papye reklamasyon ou an ba co-defandè a (yo). Pou konplete, si w kwè ke youn nan pati yo ki pa nonmen nan plent la dwe w lajan a, ou fêt pou ajoute yon plent kont yon tyès pati nan repons la. Biwo Pati Sivil Espesyal la nan konte kote plent la te prezante nan yon delè de jou ki mak sou manda a ajoute yon demann konsènan repons la. Si ou kwè yon lòt moun yo nonmen kòm defandè nan plent lan dwe ou lajan, ou gen dwa ajoute yon demann kont defandè sa a nan repons la. Tribunal la va sèvi papye ba nouvo pati sa a ke w ap ajoute nan ka a epi ou FÈT pou peye pou sèvis sa a, jan li endike anlè a.

Lè ou depoze yon repons, asire w byen ke w bay enfòmasyon swivan sa yo:

- Nimewo dosye a ak tit ka a ki parèt sou plent la.

- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn ou.
- Non (yo) ak adrès (yo) kòrèk plenyan a (yo).
- Rezon (yo) ki fè w ap konteste reklamasyon plenyan a. Mete montan lajan w ap asiyen a si w ap kontrekare reklamasyon a, yon reklamasyon ant defandè yo oswa plent kont yon twazyèm pati nan repons ou an.
- Soumèt yon fòm manda ki konplete si w ap prezante yon reklamasyon kont yon tyès pati.
- **Pa** founi tribunal la ak nimewo sekirite sosyal, nimewo pèmi kondwi, nimewo plak machinn, nimewo polis asirans, nimewo kont labank ki **aktif**, nimewo kat kredi **aktif**, oswa enfòmasyon sou statis endividé a nan lame. Soumèt enfòmasyon sa a **sèl** si lalwa ta egzijel, tribunal ta odònel, swa se yon règleman oswa direktiv administratif. Pa redije enfòmasyon sa a de dokiman orijinal yo. Soumèt dènye 4 chif enfòmasyon kont labank **aktif** la sèl si li fè pati litij la epi tou sèl si pa gen lòt mwayen pou idantifyel.

Epitou, ou dwe siyen ak date repons lan epi peye frè dosye tribunal ki kòrèk yo lè w ap depoze repons lan nan Biwo Seksyon Sivil Espesyal la. Si w peye mwens ke sa yo egzije a, yap voye plent la tounnen ba w.

Si ou pa reponn plent lan alekri nan delè jou ki enimere sou manda a, y ap emèt yon jijman pa defo kont ou. Atravè yon jijman pa defo, tribunal la deside montan lajan an, si li ta akòde yon montan, bay plenyan a poutèt ou pa t reponn plent lan alè. Si ou te reponn plent lan alè, tribunal la ap voye yon avi ba ou pa lapòs pou fè ou konnen dat pwosè a.

## Frè yo pou Depoze yon Repons

- \$30 pou yon repons.
- \$50 pou yon repons ansanm ak kontrekare yon reklamasyon, reklamasyon kont yon lòt defandè, oswa plent kont yon tyès pati si montan lajan an se \$5,000 oswa mwens.
- \$75 pou yon repons ki kontrekare reklamasyon an, yon reklamasyon kont yon lòt defandè, oswa plent kont yon tyès pati kote montan a depase \$5,000. (*Remak:* Epitou, Biwo a ap chaje yon frè adisyonèl pou sèvi swa yon moun oubyen yon biznis ke w te ajoute nan plent tyès pati ak papye.)

Si w pa gen mwayen pou peye frè pou prezante yon dosye nan tribunal, ou gen dwa aplike nan tribunal la pou kalifye antan ke endijan epi jij la ta kab anile frè yo.

## Preparasyon pou Pwosè a

### Kesyon alekri ki fèt sou sèman

Règleman tribunal yo (Rules of Court) pèmèt yon echanj enfòmasyon ant pati yo. Pati yo gendwa prezante kesyon alekri ba youn lòt, se sa yo rele "entewogatwa yo." Pleyan a ansanm ak akize a va gen 30 jou apati de moman li resevwa repons akize a konsèenan plent la pou sèvi entewogatwa sa yo ba pati opoze a. Menm jan tou, toudè , ni pleyan ak akize a va gen 30 jou apati de lè yo resevwa entewogatwa sa yo pou founi repons yo. Pou ka domaj kòporèl/ak/oswa

reklamasyon pou neglijans, pleyan a gendwa sèvi entewogatwa sa yo sèlman ba akize a si li fè demann li nan nannan plent la e lap kab itilize seri entewogatwa nòmal yo sèlman (oswa pati ladann yo) jan li etabli sou Anèks II Règleman Tribunal yo.

### **Plenyan a**

Si ou se plenyan a, ou fèt pou pwouve ka w la. Fè aranjman pou nenpòt temwen ak dosye ou bezwen pou pwouve ka w la preznan pwosè a. Ou pa kapab itilize yon deklarasyon alekri nan tribunal, menm si li fèt sou sèman. Anreyalite, nan tribunal la, se sèlman temwayaj sou kisa temwen an (yo) te tandem oswa te wè, y ap pèmèt. Prepare kesyon ou yo alavans.

Pote tout dosye sou nenpòt tranzaksyon ki gen dwa ede w pwouve ka w la nan tribunal. Ou fèt pou kontakte tribunal la pou detèmine kijan pou soumet prèv ou yo. Dosye sa yo, kapab gen ladann yo:

- Chèk ki anile, chèk postal, resi nenpòt ki lavant.
- Bòdwo, kontra, devi ak kontra lwaye.
- Lèt yo.
- Foto yo.
- Lòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou lan.

*Si w dakò pou fè yon antant nan ka a avèk defandè a anvan dat pwosè a, rele Biwo Pati Sivil Espesyal la imedyatman.*

### **Defandè**

Si w se defandè a, ou ta fèt pou prepare vèsyon nan ka w an, menm jan plenyan a te prepare ka pa li. Pote tout temwen ak dokiman nesesè yo nan tribunal la pou prezante ka ou la jou pwosè a pwograme. Yon fwa de plis, ou fèt pou koontakte tribunal la pou detèmine kijan pou soumet prèv ou yo.

Ou dwe vini nan tribunal la nan lè ak dat ki endike sou avi pou pwosè a. Si w pa fè sa a, yo kapab emèt yon jijman pa defo kont oumenm epi yo gen dwa fè ou peye lajan plenyan a di ou dwe a.

*Si w dakò pou fè yon antant nan ka a avèk plenyan a anvan dat pwosè a, rele tribunal la imedyatman pou konfime ke ka a rezoud.*

### **Jou Pwosè a**

Defandè a ak plenyan a fèt pou prezante nan tribunal la, a lè ak dat ki endike nan avi pou pwosè a, sofsi tribunal la ta voye di yon lòt bagay. Pote tout temwen ak prèv ki nesesè pou prezante ka w la.

Nan dat pwosè a pwograme a, tribunal la ta kab ede w rezoud ka w la atravè medyasyon avèk yon medyatè konpetan oswa konferans pou antant avèk yon tyès pati ki net. Moun sa a pral

eseye ede plenyan a ak defandè a rive a yon akò satisfezan. Medyatè a oswa tyès pati net la pa yon jij. Si yon antant pa posib, yo pral fè tout efò pou jij la tandé ka w la menm jou a.

Si se oumenm ki genyen nan ka w la epi si w bezwen enfòmasyon sou kijan pou kolekte yon jijman w ap jwenn enfòmasyon sa a nan depliyan ki rele "[Kijan pou touche jijman monetè](#)" (Collecting a Money Judgment). Depliyan sa a disponib nan nenpòt ki Biwo Pati Sivil Espesyal Noudjèze ak sou Entènèt nan [njcourts.gov](#).

## Dwa pou Mennen Desizyon an nan Apèl

Si oumenm, antan ke plenyan oswa defandè a, pa dakò avèk desizyon tribunal la, ou gen dwa fè rekou dapèl ka a nan Seksyon Apèl nan Tribunal Siperyè (Appellate Division of the Superior Court) a nan yon delè de 45 jou apati de dat jijman an. Ou dwe prezante yon Avi pou fè Apèl (*Notice of Appeal*), yon kopi Demann pou Transkripsyon ka a (*Request for Transcript*), ak yon Deklarasyon Enfòmasyon Ka (*Case Information Statement*) nan lespas 45 jou avèk Clerk of the Appellate Division, (Grefye nan Seksyon Apèl) la ki chita nan Richard J. Hughes Justice Complex, PO Box 006, Trenton, NJ 08625 epi voye yon kopi bay:

- Tout moun ki nan ka a epi ki te konparèt nan tribunal.
- Grefye a nan Pati Sivil Espesyal la kote apèl la pral fèt la.
- Jij ki te deside ka a.

W ap bije peye yon frè \$250 ansanm ak yon Avi pou fè Apèl epi depoze \$300 nan Biwo Grefye nan Seksyon Apèl la nan yon delè de 30 jou apati de Avi Apèl la. Ou gen dwa itilize depo sa a pou peye yon antant ki ta fèt nan ka a oswa pou peye frè tribunal yo si ou pèdi apèl la. Si apèl la reyisi, y ap ranbouse ou depo a.

Epitou, ou fèt pou jwwenn yon transkripsyon pwosè a (yon kopi rejis la sou tout sa ki te pase nan tribunal la). Rekèt transkripsyon an fèt pou prezante nan Biwo Seksyon Pati Sivil Espesyal la nan konte kote pwosè a te fèt. Ou fèt pou depoze ak Grefye nan Biwo Pati Sivil Espesyal la devi montan transkripsyon a (daprè sa estenograf tribunal la detèmine, Grefye oswa ajans kap prepare li a) oubyen \$300 pou chak jou oswa yon pati nan jounnen pwosè a. Ou fèt pou depoze twa kopi transkripsyon yo nan Biwo Grefye Seksyon Apèl la. Tout kesyon konsènan yon apèl fèt pou adrese ba Biwo Seksyon Apèl la nan 609-815-2950, oswa adrese yo ba yon avoka.

Se Divizyon Pratik Sivil  
Sistèm Jidisyè New Jersey a  
ki pibliye bwochi sa a

Stuart Rabner  
Dwayen Tribunal la  
Chief Justice

Glenn A. Grant  
Direktè Administratif Tribunal yo  
Administrative Director of the Courts

Jennifer M. Perez  
Direktè, Biwo Tribunal Premye Enstans yo  
Director, Office of Trial Court Services

Taironda E. Phoenix  
Direktè Adjwen, Pratik Sivil la  
Assistant Director, Civil Practice

07/01/2022

CN 10281-Haitian Creole